# Yàlla farataal na ay farata buleen ko sànk, mu teg ay dig buleen ko jéggi, mu araamal ay mbir buleen ko xëtt, mu noppi ci ay mbir ngir yërëm leen waaye fàttewu ko kon buleen ko gëstu

Jële nañu ci Abii Sahlabata Al-Xusani Jursuum ibn Naasir yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "Yàlla farataal na ay farata buleen ko sànk, mu teg ay dig buleen ko jéggi, mu araamal ay mbir buleen ko xëtt, mu noppi ci ay mbir ngir yërëm leen waaye fàttewu ko kon buleen ko gëstu".
[قال النووي: حديث حسن] [رواه الدارقطني في سننه وغيره]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne Yàlla dafa waral ay mbir farataal ay farata kon nangeen taqoo ak moom te buleen sàggan di ko bàyyi walla di ko doyadal, mu def ay kiiraay ak i xuppe yu ñu natt mu leen di yiir di leen xupp ci lu mu gërëmul, kon buleen jéggi li Sariiha digle, mu araamal yu araam buleen ko wàcc te buleen ko jege, lu dul loolu nag da ko a bàyyi noppi ca ngir yërëm ay jaamam, bu ko defee mu des ca dagan ga, kon buleen ko gëstu.